



## Konnen Sa Viris Zika Ye

### Done Debaz

- Anjeneral, moun pran Zika lè yon marengwen mòde yo—men sèlman sèten kalite marengwen (marengwen ki rele *Aedes*) kapab bay moun Zika.
- Zika kapab simaye tou nan kontak seksyèl ak nan kontak san (sètadi transfizyon san, itilizasyon menm ekipman pou pran piki, elatriye). Moun pa *pran* Zika nan kontak òdinè.
- Pifò moun (80%) ki enfekte avèk Zika *pa* malad. Pou moun ki malad yo, anjeneral se yon malady lejè.
- Paske Zika lakòz malfòmasyon sou tibebe lè yo fèt, gen yon konsèy espesyal ki gen pou wè ak gwosès. Gade anba la a.
- Pa gen vaksen pou Zika epi pa gen medikaman ki trete Zika.

### Sentòm yo

Pifò moun ki gen Zika (80%) pa gen sentòm epi yo ka pa menm konnen yo enfekte.

Pou moun ki gen sentòm yo, sentòm ki pi komen yo se lafyèv, gratèl, doulè nan je-pye ak azoumounou (zye wouj). Pifò moun gen sentòm lejè epi yo pa bezwen ale nan yon lopital. Konplikasyon grav, tankou paralizi oswa enfeksyon nan sèvo, se konplikasyon ki ra. Anjeneral, sentòm yo kòmanse de (2) a 12 jou apre yon marengwen ki enfekte mòde ou epi yo ka dire jiska yon semèn.

Sentòm Zika sanble avèk sentòm lòt maladi marengwen yo lakòz, tankou [viris deng](#) oswa [viris chikungunya](#).

### Egzamen

Pifò moun *pa* bezwen teste pou viris Zika, menmsi yo te vwayaje nan yon kote Zika ap simaye. Tès yo pi enpòtan pou fanm ansent ki te pase tan nan yon zòn ki afekte avèk Zika oswa ki, pandan yo te ansent lan, te fè sèks san pwoteksyon\* avèk yon moun ki te gen Zika oswa ki ta ka genyen li.

Gen de kalite tès pou dekouvri enfeksyon viris Zika:

1. **RT-PCR:** Tès sa a ap chèche viris Zika nan san an ak nan pipi a.
2. **Sewoloji:** Tès sa a ap tcheke san ou pou antikò k ap batay kont yon enfeksyon viris Zika.

Si ou resevwa yon rezilta pozitif pou yon tès viris Zika, sa ka vle di ou enfekte, oswa ou te enfekte anvan sa.

Men, yon rezilta negatif pa nesèman vle di ou pa t enfekte. Pa egzanp, si ou te fè tès la imedyatman ou te vin malad, kò ou te ka pa t gen tan pwodui antikò pou tès la mezire. Doktè yo ta ka vle fè lòt tès pou konfime.

\* “Pwoteksyon baryè” vle di kapòt gason oswa kapòt fanm pou sèks vajinal ak anal, ak dig dantè pou sèks oral. Sèks “san pwoteksyon” vle di sèks san pwoteksyon baryè.

Pale avèk doktè ou yo si ou gen nenpòt kesyon oswa enkyetid. Yo kapab itilize rezilta tè s la pou ede ou pran desizyon sou fason pou rete an sante.

### Tretman

Pa gen tretman pou Zika, men medikaman (tankou acetaminophen) kapab ede soulaje sentòm yo. Pifò moun refè poukont yo lè yo repoze ak lè yo bwè fliyid.

### Zòn ki Afekte yo

Zika afekte kèk pati nan Amerik Santral ak Amerik-di-Sid, Zantiy yo ak lòt kote ki sou lis [Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi](#) (Centers for Disease Control and Prevention). (Jwenn dènye kote yo ki afekte avèk Zika sou sitwèb [cdc.gov/zika](http://cdc.gov/zika).) Kalite moustik ki konekte avèk dènye deklanchman an, *Aedes aegypti*, ap viv nan kote sa yo. Yo pa jwenn *aedes aegypti* nan Vil New York.

Yo jwenn yon diferan marengwen *Aedes* nan Vil New York. Marengwen sa a rele *Aedes albopictus*. *Aedes albopictus* kapab simaye Zika ba moun, men espè sante yo toujou ap aprann si li *posib* pou li fè sa. Se pa senpman poutèt yon moustik kapab transpòte iris la kifè li pral koze yon epidemi. Espè sante yo pa t jwenn Zika nan okenn marengwen lokal men planifikasyon pou posiblite pou *Aedes albopictus* kapab enfekte Zika lokal epi fè etap agresif pou kontwole sa epi fè aksyon si li nesèsè. Li seksyon “What the City is Doing” sou sitwèb [nyc.gov/health/zika](http://nyc.gov/health/zika) pou jwenn dènye aksyon Minisipalite Vil la.

### Avètisman pou Gwosès

Zika pa danjere pou anpil moun. Men, Zika **lakòz malfòmasyon tibebe ki fèk fèt**. Yon malfòmasyon nan nesans ki konekte avèk Zika pi piti pase tèt nòmal la. Pwoblèm medikal sa a rele “mikwosefali.” Espè sante yo toujou ap aprann koneksyon ant Zika ak mikwosefali. Dènye konsèy pou evite risk sa a endike anba la a.

### Konsèy pou Fanm Ansent ak Patnè Seksyèl Yo

|  |  |
|--|--|
| Fanm ansent ki <b>pa t</b> vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika   | <b>Ranvwaye vwayaj ou jouk lè espè yo di pa gen danje.</b><br><br>Si li pa posib pou ranvwaye vwayaj ou, pale avèk yon pwofesyonèl swen sante anvan, epi fè etap pou pwoteje tèt ou pandan w ap vwayaje. Revize konsèy yo anba la a sou transmisyon seksyèl ak vwayaj san danje ak an sante.   |
| Fanm ansent ki <b>te</b> vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika     | Rele pwofesyonèl swen sante ou pou diskite sou tè s Zika.  |
| <b>Patnè seksyèl</b> fanm ansent yo te gen Zika oswa ta ka genyen li | Planifye ansanm pou pa fè aktivite seksyèl oswa sèvi ak kapòt (oswa lòt pwoteksyon baryè*) kòrèkteman chak fwa w ap fè sèks vajinal, anal ak/oswa oral pandan tout tan gwosès ou dire.<br><br>Si ou ansent epi ou te fè sèks* vajinal, anal oswa oral san pwoteksyon avèk yon moun ki te gen Zika oswa ki ta ka genyen li, kontakte pwofesyonèl swen sante ou pou diskite sou tè s Zika. |

\* “Pwoteksyon baryè” vle di kapòt gason oswa kapòt fanm pou sèks vajinal ak anal, ak dig dantè pou sèks oral. Sèks “san pwoteksyon” vle di sèks san pwoteksyon baryè.

### **Konsèy pou Moun k ap Eseye Fè Pitit**

Tès pou viris Zika *pa* rekòmande pou koup k ap eseye fè pitit. Olye sa, swiv konsèy sa yo pou redui risk ou:

|   |   |  |
|---|---|--|
| Moun ki <b>pa t</b> vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika | <b>Pa vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika pandan w ap eseye vin ansent.</b> |  |
| Fanm nan gen oswa ta ka gen Zika                            | <b>Sentòm yo</b>  | Rete tann <b>omwen uit (8) semèn</b> apre sentòm yo te kòmanse anvan ou eseye vin ansent.            |
|   | <b>Ou pa gen sentòm yo</b>  | Rete tann <b>omwen uit (8) semèn</b> apre ou te pètèt ekspoze nan Zika anvan ou eseye vin ansent.    |
| Gason nan gen oswa ta ka gen Zika                           | <b>Sentòm yo</b>  | Rete tann <b>omwen sis (6) mwa</b> apre sentòm yo te kòmanse anvan ou eseye ansent yon fanm.         |
|   | <b>Ou pa gen sentòm</b>   | Rete tann <b>omwen sis (6) mwa</b> apre ou te pètèt ekspoze nan Zika anvan ou eseye ansent yon fanm. |

Jwenn plis enfòmasyon sou Zika ak gwosès sou sitwèb [nyc.gov/health/zika](http://nyc.gov/health/zika) ak [cdc.gov/zika/pregnancy](http://cdc.gov/zika/pregnancy).

### **Transmisyon Seksyèl**

Gason ak fanm yo kapab transmèt Zika ba lòt nan sèks. Sèks gen ladan sèks vajinal, sèks anal ak sèks oral ak/oswa itilizasyon menm jwèt seksyèl. **Ekspè sante yo toujou ap aprann risk sa a. Moun ki vwayaje nan zòn ki afekte avèk Zika ta dwe itilize pwoteksyon baryè\* ak metòd kontrasepsyon pandan y ap vwayaje epi apre yo retounen lakay yo.** Pwoteksyon\* baryè ka anpeche Zika transmèt nan relasyon seksyèl. Metòd kontrasepsyon ede evite gwosès kote youn oswa toulède patnè seksyèl yo ta ka gen Zika.

### **Konsèy pou Evite Transmèt Zika nan Sèks**

|  |  |
|--|--|
| Pandan w ap vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika                | Itilize metòd kontrasepsyon ak pwoteksyon baryè* kòrèkteman  |
| Apre ou soti nan yon zòn ki afekte avèk Zika pou retounen lakay ou | <b>Fanm yo:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Kontinye itilize metòd kontrasepsyon pou evite gwosès pandan <b>uit (8) semèn</b> apre yo retounen lakay yo.</li><li>• Sèvi ak pwoteksyon baryè* kòrèkteman chak fwa w ap fè sèks vajinal, sèks anal oswa sèks oral pandan <b>uit (8) semèn</b> apre ou retounen lakay ou.</li></ul> |
|  | <b>Gason yo:</b> <ul style="list-style-type: none"><li>• Sèvi ak pwoteksyon baryè* kòrèkteman chak fwa w ap fè sèks vajinal, sèks anal oswa sèks oral pandan <b>sis (6) mwa</b> apre ou retounen lakay ou.</li></ul>   |

Pou jwenn yon lis konplè [chwa metòd](#) kontrasepsyon, ale sou sitwèb [nyc.gov](http://nyc.gov) epi chèche “birth control”.

\* “Pwoteksyon baryè” vle di kapòt gason oswa kapòt fanm pou sèks vajinal ak anal, ak dig dantè pou sèks oral. Sèks “san pwoteksyon” vle di sèks san pwoteksyon baryè.

## Don San

Li ra men posib pou Zika simaye ant yon moun ak yon lòt moun nan yon transfizyon san. Pou ede evite sa rive, swiv konsèy ki anba la yo:

### Konsèy pou Fè Don San

|  |   |
|--|---|
| Moun ki te vwayaje nan yon zòn ki afekte   | Rete tann <b>kat (4) semèn</b> apre ou retounen lakay ou anvan ou fè don san an.  |
| Moun ki te fè sèks san pwoteksyon* (vajinal, anal oswa oral) avèk yon moun ki te nan yon zòn ki afekte nan twa (3) mwa apre dènye kontak seksyèl la. | Rete tann <b>kat (4) semèn</b> apre dènye kontak seksyèl la anvan yo fè don san yo.   |
| Moun ki te vwayaje nan yon zòn ki afekte <b>epi ki te deja fè don san yo</b> nan kat (4) semèn apre yo retounen lakay yo                             | Fè sant medikal kote ou te fè don san ou konnen si ou gen <b>de (2) oswa plis</b> nan sentòm sa yo <b>nan de (2) semèn</b> apre ou te fè don san ou: lafyèv, doule nan je-pye, gratèl oswa azoumounou (zye wouj).<br><br>Si ou gen sentòm, pa fè don plis san jouk lè sentòm yo ale pandan <b>omwen kat (4) semèn</b> . |

### Tibebe ak Timoun

Dapre CDC:

- Tibebe ak timoun kapab gen Zika.
- Sentòm yo sou tibebe ak timoun se menm ak sa ki dekri anwo a nan “Sentòm yo.”
- Enfeksyon avèk Zika nan moman akouchman an oswa bonè nan laj timoun *pa* konekte avèk mikwocefali.
- Yo jwenn Zika nan lèt tete, men pa gen rapò ki montre manman yo simaye Zika ba tibebe yo nan lèt tete yo. CDC ankouraje manman yo ki nan zòn ki afekte avèk Zika pou yo kontinye bay tibebe yo tete akòz anpil avantaj lèt tete a.
- Plis enfòmasyon pou paran yo disponib sou sitwèb **cdc.gov/zika**.

### Vwayaj San Danje ak an Sante

Si w ap vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika, li avètisman sou gwosès ak transmisyon seksyèl ki endike anwo a, epi fè etap yo pou pa kite marengwen mòde ou. Konsèy ki anba la yo enpòtan pou tout moun k ap vwayaje nan yon zòn ki afekte avèk Zika—men sitou pou fanm ansent ki pa kapab ranvwaye vwayaj yo.

Kalite marengwen ki konekte avèk dènye deklanchman an agresif anpil. Marengwen an mòde moun pandan lajounen ak bonè nan aswè.

- Itilize [pwodui pou pouse moustik](#) ki gen DEET, picaridin oswa lwil ekalptis.
  - Itilize pwodui pou pouse moustik EPA apwouve epi swiv enstwiksyon ki sou etikèt la.
  - Pase filtè solèy anvan, answit pase pwodui pou pouse moustik.
  - Pwodui pou pouse moustik yo pa gen danje pou fanm ansent yo.

\* “Pwoteksyon baryè” vle di kapòt gason oswa kapòt fanm pou sèks vajinal ak anal, ak dig dantè pou sèks oral. Sèks “san pwoteksyon” vle di sèks san pwoteksyon baryè.

- Pa itilize pwodui pou pouse moustik sou tibebe ki gen mwens pase 2 mwa. Pa itilize pwodui anti moustik ki gen lwil ekalptis sou timoun ki poko gen 3 zan.
  - Pa kite jèn timoun yo pase pwodui pou pouse moustik sou kò yo poukont yo.
  - Pa pase pwodui pou pouse ensèk nan men yon timoun, zye li, bouch li oswa nenpòt po irite li oswa blesi li.
- Mete rad manch long ak pantalon long; abiye timoun yo menm jan. Mete rad ki trete avèk permethrin (yon pwodui chimik ki pouse moustik).
  - Rete nan kote ki gen è-kondisyone oswa ki gen fenèt ak pòt ki gen griy.
  - Itilize yon moustikè si ou pa kapab kenbe moustik yo deyò kay ou. Kouvri bèso, pousèt ak kabann bebe pou oto avèk moustikè.
  - Retire dlo-dòmi ki fòm nan ak toupren kay ou, paske dlo-dòmi atire marengwen.

CDC rekòmande pou vwayajè ki soti nan kote ki afekte avèk Zika retounen nan Etazini fè etap pou pa kite marengwen mòde yo pandan twa (3) semèn, menmsi yo pa santi yo malad, pou yo evite simaye Zika ba marengwen lokal yo.

### **Prevansyon Marengwen nan Vil New York**

Yo pa jwenn Zika sou marengwen Vil New York, men marengwen lokal yo kapab simaye lòt maladi tou, tankou viris Nil Oksidantal. Moun New York kapab ede anpeche viris marengwen yo bay simaye lè yo fè etap sa yo:

- Pase pwodui pou pouse moustik sou po yo epi mete rad manch long oswa pantalon long nan aswè pandan sezon marengwen (mwa jwen jiska septanm).
- Enstale oswa repare griy ki nan fenèt yo ak pòt yo.
- Vide dlo-dòmi ki nan resipyan tankou po flè, kanivo, bokit, kouvèti pisin, asyèt dlo bèt kay, kawotchou machin ou jete ak basen pou zwazo. Yon etandi dlo ki piti anpil kapab se pou anpil santèn ze marengwen repwodui.
- Asire pisin ki nan lakou antreteni kòrèkteman, epitou asire ou mete klowòks ladan.
- Rapòte dlo-dòmi yo nan 311. Depatman Sante (Health Department) ap enspekte plent konsènan dlo-dòmi epi y ap bay avi pou vyolasyon kont pwopriyete kay ki pa elimine yo. Kote yo pa kapab kanalize dlo dòmi an, Minisipalite Vil la itilize yon tretman ki rele lavisid k ap touye moustik yo anvan yo vin gen matirite epitou anvan yo simaye maladi.

### **Plis Enfòmasyon**

Ale nan lyen sa yo:

- [cdc.gov/zika](https://www.cdc.gov/zika)
- [paho.org](https://www.paho.org)

Pou èd pou jwenn yon lopital oswa yon klinik, rele 311.

Ajoute @NYCHealthy, @DrMaryTBassett ak @DrJayVarma sou Twitter pou jwenn dènye alèt yo sou sante.

\* “Pwoteksyon baryè” vle di kapòt gason oswa kapòt fanm pou sèks vajinal ak anal, ak dig dantè pou sèks oral. Sèks “san pwoteksyon” vle di sèks san pwoteksyon baryè.